

Pawòl ko-edite yo

Claude Julie Bourque epi Schallum Pierre

Fòmasyon teknik ak pwofesyonèl (FTP), ki makònen anpil ak sektè travay la, se yon disiplin ki anjeneral enkòpore nan sistèm edikasyon nasyonal yo epi ki ofri twa kalite aprantisay: Fòmasyon baz nan nivo segondè pou jèn ki ap aprann diferan metye tankou: bòn mason osnon mekanik machin; fòmasyon nan nivo segondè siperyè osnon apre etid segondè pi espesyalize ki bay kompetans pou sektè dyòb teknik tankou elektrisite osnon lasyans enfòmatic; finalman, fòmasyon pwofesyonèl pèmanan (oubyen pèfeksyonman pwofesyonèl) ki louvri pou granmoun.

An Ayiti, FTP a anba jiridiksyon Enstiti nasyonal fòmasyon pwofesyonèl la (ENFP) ki te kreye nan ane 1973. Misyon li, se mete kanpe sistèm nasyonal fòmasyon pwofesyonèl la pou amelyore pwodiktivite ekonomi ayisyen an. Pou li reyalize sa, li fè yon seri alyans ak sektè egzekisyon yo epi ak antrepriz yo. Men responsablite li genyen: detèmine ki nesosite ki genyen pou travayè; fòmile politik piblik yo; fòm fòmasyon; devlope pwogram ak materyèl pedagojik; bay oryantasyon pwofesyonèl; ankadre sektè enfòmèl la; kontwòl kalite travay operatè prive yo, epi bay sèvis fòmasyon direktman. Sou plan nasyonal la, ENFP ap jere yon rezo ki genyen 138 sant ladan. Pami yo, gen 17 piblik, 17 resevwa sibvansyon epi 104 lòt prive. Pwogram fòmasyon yo ofri kalifikasyon nan twa nivo diferan:

- Travayè semi-kalifye (travayè ki asistan nan yon metye: Pwogram kout ki gen yon dire 900 èdtan (apre 6èm ane fondamantal);
- Travayè kalifye (travayè ki pa endepandan net) pwogram ki gen dire 1800 èdtan pandan de (2) lane nan yon enstitisyon ansèyman pwofesyonèl (apre nèf lane lekòl);
- Teknisyen (pwofesyonèl otonòm) yon pwogram ki dire 1800 èdtan pou de (2) lane nan yon enstitisyon ansèyman teknik (EAT) (apre 11 lane lekòl).
- Metye yo anseye nan pwogram sa yo koresponn ak diferan sektè travay epi genyen ladan yo ki konekte ak patikilite mache travay ayisyen an: konstruksyon, endistri lotèl ak restorasyon, touris, agrikilti, kouti, restoran ak pwoteksyon patrimwàn, bèlte ak atizana, lopital ak lasante, travay biwo, sekretarya, syans enfòmatic, elatriye.

Yon brase lide sou FTP a fè nou poze tèt nou anpil kesyon. Premye kesyon an gen pou li wè ak vizyon ki nan baz konsepsyon li ak

objektif final li. Sou plan pedagojik la, gen anpil modèl ki ap devlope, pami yo, sistèm fòmasyon sou doub nivo a ak apwòch ki chita sou kompetans (AK). Peyi Lalmay ak Lasuis gen repitasyon pou efikasite sistèm fòmasyon sou doub nivo a. Aloske objektif sistèm sa a, se pèmèt jèn yo jwenn kalifikasyon nan lekòl ak nan faktori yo, se yon modèl ki atire atansyon ekonomi ki ap parèt yo tankou gwo ekonomi yo¹. AK, se yon apwòch ki gen orijin li nan peyi Etazini e ki patizan doktrin fonksyonalis la, se yon sistèm ki domine fòmasyon pwofesyonèl nan Kanada. Pwogram sila yo ki tabli anpil sou kompetans, pèfòmans ak rezilta, makonnen sèrèse avèk kalifikasyon diferan kalite metye ak pwofesyon sa yo egzijè. Kididonk, nan kad AK «*li pi enpòtan pou yon moun demontre sa li konnen pase li rete ap pale sou konsepsyon yo*»².

Dezyèm kesyon an chita sou devlopman teknoloji enfòmasyon ak kominikasyon (TEK) ki gen enfluyans sou antrepriz yo, epi an menm tan, sou FTP a. Jan Yves Barou fè nou sonje nan *Aprann pou demen*, devan laboulvès teknoloji nimerik la ki ap transfòmasyon metye yo, se pou nou vini ak yon lòt pedagoji epi se pou nou aksepte sistèm «*aprantisay konbine*»³ a. Kididonk, fòk nou kapab konsidere «*tout modalite fòmasyon yo pou nou ka konbine yo kòm sadwa*»⁴. Kouman sityasyon an ye nan peyi Ayiti? Kouman TEK yo kapab patisipe nan renove FTP a?

Twazyèm kesyon an chita sou kapasite fòmasyon an pou li kreye travay epi pou li bay ekonomi an jarèt. Nan ka sa a, FTP a kapab konsidere tankou yon vrè zouti pou transfòmasyon sosyoekonomik epi tankou yon mwayen pou nou rive jwenn solisyon reyèl pou nou rezoud pwoblèm lokal ak rejyonal yo. Se poutèt sa, chak jou pi plis, FTP a antre nan diskisyon gran piblik la ak nan desizyon politik anpil peyi ap pran. Se konsa, gen de (2) evenman enpòtan ki, pa gen lontan, te gen enpak sou FTP a an Ayiti. Pou koumanse, nan

1. Voir à ce sujet Ann Hart, Sylvie (2016). «La formation duale de l'Allemagne et de la Suisse: caractéristiques qui étonnent et détonnent du point de vue nord-américain», *OCE – Observatoire compétences-emplois*, mars, vol. 6, n° 4, <http://www.oce.uqam.ca/article/la-formation-duale-de-lallemagne-et-de-la-suisse-caracteristiques-qui-etonnent-et-detonnent-du-point-de-vue-nord-americain/>, consulté le 20 mai 2017.
2. Boutin, Gérald (2004). «L'approche par compétences en éducation: un amalgame paradigmatique», *Connexions*, vol. 84, n° 81, <https://www.cairn.info/revue-connexions-2004-1-page-25.html>, consulté le 22 mai 2017.
3. Barou, Yves et un collectif Afpa (2016). *Apprendre pour demain: décodage des enjeux de la formation professionnelle*, Paris, Éditions des îlots de résistance, p. 7.
4. *Ibid.*

dat 16 fevriye 2017, Palman an vote yon pwojè lwa⁵ sou FTP a. Se sou baz lwa sila a Palman ap kapab amonize, rasyonnalize, oryante epi estriktire sistèm FTP a. Kididonk, se depi koulye a pou yo detèmine kondisyon ki pral pèmèt rapò devlope ant FTP a ak patnè nasyonal epi entènasyonal yo. Apre sa, nan dat 28 avril 2017, gen yon ekspozisyon metye nimerik⁶ ki fèt Pòtoprens. Se òganizasyon ki rele «*Haitian Caribbean Technology Council*» (*HACARABETCH*) ki te òganize li. Objektif aktivite sa a, se te sansibilize jèn yo, sektè faktori yo ak pwofesyonèl Ayiti yo pou yo pran konsyans defi teknoloji nimerik la nan kad FTP a. Sanble pandan dènye ane sa yo, tandans yo remake nan devlopman FTP a an Ayiti antre nan kad nouvo fason yo planifye disponiblite fòmasyon dapre nesosite ki egziste, oubyen yo prevwa pou travayè espesyalize yo sou plan rejyonal ak nasyonal la. Se konsa sitiasyon an ye nan Kebèk pa egzanp, kote chak jou pi plis, yo aplike modèl kote fòmasyon an kadre ak travay⁷ ki pou fèt la.

Piblikasyon tematik sa a nan «*Haïti Perspectives*» konsidere enpòtans chanjman sa yo epi li ap kapab ankouraje diskisyon an sou sis aspè FTP a. Aspè sa yo a parèt nan atik prensipal aktè nan FTP te siyen nan peyi Ayiti. Nan «*État des lieux de la formation professionnelle en Haïti*», **Rony François**, Direktè Sant teknoloji modèn nan peyi Ayiti, esplike kontèks FTP a nan peyi Ayiti. Li repale sou kontèks ayisyen FTP a, sou sistèm edikatif la, sistèm nasyonal fòmasyon pwofesyonèl la ak sou sa ekonomi an bezwen. **Frédéric Innocent** prezante: «*La répartition territoriale des centres, les personnes handicapées et le financement : trois grands défis pour la formation technique et professionnelle en Haïti*». Kesyon espesifik otè a souleve, alòske li ap travay tou nan ENFP a, soti nan yon pi bon

konpreyansyon sistèm lan lè yon moun ap egzamine li pandan li anndan peyi a.

Nan atik «*Considérations critiques sur la gouvernance de la formation professionnelle au regard du Plan opérationnel 2010-2015*» ak «*Dans le sigle "MENFP", à quoi servent les lettres "F" et "P"?*», **Marcel Gabaud** ap poze kesyon sou kontèks la ak anviwonman Plan operasyonèl pou 2010-2015. Li ensiste tou sou ministè li depann de li a, ki pa montre enterè pou fòmasyon pwofesyonèl ak konsekans li yo. Kòm blògè ak konsiltan pou FTP, otè a prezante eksperyans li ki kapab sèvi kòm referans pou chache solisyon ki ijan. Lè nou ap gade pwoblèm ki poze yo, **Ronald Estrade**, ki limenm se yon anseyan-fòmateur, ap ankouraje sipò pou nouvo pwojè fòmasyon anseyan ak fòmateur nan atik li a ki rele «*R&D en éducation : un travail collaboratif à encourager en FTP haïtiennes*».

Claude Julie Bourque ak **Christian Duplan** ki ap mennen yon investigasyon-entèvansyon sou fòmasyon teknik ak pwofesyonèl nan departman sidès la depi 2012, prezante yon tablo detaye, ki pa syantifik, sou opòtinite ak jesyon FTP a sou plan rejyonal la. Nan atik yo a o dekri diferan opòtinite fòmasyon epi yo souliyen inisyativ lokal ak rejyonal yo, ki te gen siksè. Yo pwopoze tou sèt defi ki konekte ak pwoblèm estrikti epi kilti pou edikasyon. Yo pwopoze chemen solisyon ki pwomèt epi ki chita sou sipò rezo vwazinay lokal ak sou potansyèl ayisyen an pou li inovè.

Schallum Pierre mete aksan sou potansyèl sa a nan yon atik ki rele: «*Que peuvent les ateliers de fabrication numérique (Fablabs) et le mouvement des makers pour la formation professionnelle en Haïti?*». Kòm manm *EspaceLab*, li pwopoze modèl Fablab la kòm espas altènatif osnon kominote pratik pou reyalizasyon misyon fòmasyon pwofesyonèl la ki gen rapò ak sa pou yon moun fè epi kijan pou yon moun ye.

Plizyè domèn brase lide ak aksyon ki konekte ak FTP a vin kreye poutèt pwoblèm ki idantifye nan sektè a paske eleman solisyon yo anrasinen nan kontèks ayisyen an. Nou ap swete diferan kontribisyon sa yo ap kapab debouche sou lòt brase lide ak pwopozisyon pou nou mete kanpe yon sistèm fòmasyon teknik ak pwofesyonèl ki vrèman ayisyen epi ki natif natal. ■

5. Jeune, Jean Reynald (2017). «Vote du projet de loi sur la formation professionnelle, un pas dans la bonne direction...!», *Le National*, 24 avril, <http://www.lenational.org/vote-projet-de-loi-formation-professionnelle-bonne-direction/>, consulté le 18 mai 2017.
6. Le National (2017). «Salon des métiers du numérique: pari tenu», *Le National*, 4 mai, <http://www.lenational.org/salon-metiers-numeriques-pari-tenu/>, consulté le 18 mai 2017.
7. <http://adequation.inforoutefpt.org/introduction.asp>, consulté le 1^{er} juillet 2017.